

28 Avril 2020

Estrikti travay UMD pou planifikasyon ak reyinyon asanble jeneral vityèl

Chè Inivèsite kominote Maryland

Vandredi pase, Gouvènè Hogan te devwale plan li pou l otorize lavi piblik ak ekonomi Maryland reprann nan bon jan apwòch ki pou fèt san danje epi gradyèlman. Eta a kounye a kapab kòmanse pwosesis tranzisyon an pou soti nan "faz karantèn" ak "faz mitigasyon" pou rantre nan "faz relansman."

Maryland Kanpe Djanm: Plan Aksyon pou Relansman ki baze sou kat gwo pilye ki anplas kounye a pou pwosesis relansman an ka kòmanse: (1) ogmante mwayen pou fè tès depistaj, (2) kapasite nan lopital, (3) livrezon ekipman pou pwoteksyon pèsònèl, epi (4) rechèch pou jwenn kontak yo. "Plan aksyon" an idantifye tou twa etap pou evalye si yon kote pare pou relouvri selon sektè biznis lan ak kategori sosyete a -- kiyès ki gen "ti kras risk", oswa "risk modere", oswa "gwo risk" pou transmisyon oswa re-aparasyon viris la. Kote ki gen ti kras risk kapab relouvri pi bonè.

Plan Eta a pa idantifye nivo risk okenn biznis oswa sektè sosyete a. Men, rapò rechèch enstitisyon akademik yo -- ki jeneralman toujou nan rapò gouvènman bay -- konsidere sektè edikasyon siperyè a an jeneral "a gwo risk" akòz frekans ak entansite kontak ant moun-ak-moun ki fèt anndan espas kanpis la. Sepandan, risk lan kapab redwi si distans fizik respekte, tès depistaj viris lan fèt, avèk lòt mezi prevansyon met anplas.

Plan Aksyon sa a pa bay ankenn kalandriye pou egzekisyon plan aksyon an paske se "viris lan ki endike avèk ki vitès Leta kapab reyaji." Ou kapab li plan Eta [la](#).

Enstriksyon University System of Maryland (USM) sou re-ouvèti kanpis yo

Chanselye Perman kreye yon "Komite Konsiltatif kanpis" la pou ede nan "planifikasyon re-ouvèti aktivite anplas USM yo. Byenke pa gen yon apwòch jeneral ki bon pou tout moun ki fèt lèn konsidere patikilarite chak kanpis, li enpòtan pou gen yon kowòdinasyon nan jefò pou re-ouvèti k ap fèt yo epi pou sa mache ak kritè ki tabli nan *Plan Aksyon* Eta a.

Planifikasyon UMD pou faz reyouvèti batiman kanpus la

Kounyea, kòm Leta ak USM bay limyè vèt pou kòmanse planifye re-ouvèti a, komite dirijan lekòl la ap kreye plan pou pwosesis re-ouvèti aktivite an pèsòn yo reprann gradyèlman epi san pwoblèm. Pap gen yon sèl dat pou tout re-ouvèti bilding lan. Menm jan ak plan nasyonal la, tranzisyon nou an ap gide avèk èd ekspè sektè sante piblik la.

Kad travay UMD pou planifikasyon reyouvèti an chita sou kat prensip:

* Mete priyorite sou sante ak sekirite chak grenn manm kominote kanpis lan.

* Pwoteje epi sipòte misyon pedagogik ak rechèch pou kenbe ekselans akademik nou.

* Pran desizyon ki chita sou valè nou genyen konsènan prensip ekite ak entegrasyon.

* voye kominike alè, an tout transparans epi jwenn opinyon enstans konsène entèn ak ekstèn yo sou pwopozisyon planifikasyon reyouvèti a.

Pou itilize yon imaj achitekti – yon tanp klasik Grèk avèk kolòn oswa pilye ki kanpe sou yon fondman -- kad travay planifikasyon an tou chita sou twa "gwo fondman" ki gen ladan twa komite travay sou sante ak sekirite, finans, epi resous zimèn. Blòk sa yo kore kat "pilye" ki genyen kat ekip k ap travay sou rechèch, edikasyon, lavi etidyan, avèk atletis ant fakilte yo, yo fòme kat gwo domèn operasyon enstitisyon an. Alatèt tanp lan, pati triyang lan anlè kolòn yo epi anba plafon an, genyen Eta Maryland ak USM. Plan pou re-ouvri kanpis lan dwe an akò avèk konsiy yo.

Komite travay sou planifikasyon sante ak sekirite

Sa se priyorite prensipal nan kèlkeswa re-ouvèti a. Nou dwe gen plan pou yon evantyèl reyaparasyon COVID-19, epi nan mwa pi devan yo yon pandemi COVID-19 an menm tan ak yon epidemi grip, jan CDC avèti sa resamman. Nou dwe respekte ekzijans sante piblik yo ki an vigè pou kounyea (tankou fè tèss depistaj epi chache trase kontak ki fèt yo, fè pote mask obligatwa; elatriye.).

Komite refleksyon sou planifikasyon fiskal.

Nan yon premye lèt, mwen te dekri gwo kokenn pèt revni ak gwo depans UMD -- avèk tout lòt enstitisyon edikasyon siperyè atravè nasyon an, piblik kou prive -- te sibi akòz pandemi an epi swit ak kriz ekonomik/finansyè a. Nou deja sispann tout anbochaj epi limite depans yo. N ap rete tann enfòmasyon final nan men Leta sou sitiyoasyon fiskal li ansanm ak enpak sou bidjè Leta. Nou ap pledwaye tou pou ta gen yon lòt seri fon sovtaj Federal CARES pou depans edikasyon siperyè yo. Plan pou kilè ak kòman pou reyouvèti an fèt la dwe pran an konsiderasyon enpak fiskal ki prevwa touche enstitisyon an.

Komite travay sou planifikasyon resous imèn.

Apre 70% bidjè Inivèsite a kouvri frè pèsònèl. Nan mitan kriz sa yo, n ap fè jefò pou nou sipòte tout anplwaye nou yo otan nou kapab.

Pilye yo

Chak pilye genyen yon gwoup travay:

- (1) Rechèch
- (2) Edikasyon
- (3) Lavi etidyan
- (4) Atletis ant Fakilte yo

Twa komite travay fondamantal yo founi ekspètiz teknik nesèsè bay kat gwoup travay ki anchaje planifikasyon pou repann travay fasafas nan Inivèsite a. Manm komite travay sa yo ak gwoup travay yo ap yo finalize epi apre yap anonse sa.

Li enpòtan pou fè remake ke diferan aktivite ka reyouvri nan peryòd diferan. Pa egzanp, re-ouvèti aktivite rechèch nou avèk reyouvèti laboratwa yo kapab fèt anvan reyouvèti match konpetisyon atletis ant Fakilte yo. Oswa tou, yon gran kantite kou debaz yo ka kontinye lofri adistans pou etidyan nan kanpis la, si pa gen ase sal klas ki gran ase pou fasilite distans fizik kòm sadwa. Poutèt sa, pwosesis reyouvèti a dwe gradyèlman reyentwodwi. Nou vle louveri yon wobinè alafwa, pa tout vàn nan ansanm.

Reyinyon asanble jeneral vityèl kominote Inivèsite a: 5 me apati 3 zè PM

Se pwal yon opòtinite pou pataje lide w epi poze tout kesyon ou genyen konsènan enpak kriz sante piblik la, avèk izolman sosyal ki mache ak sa sou etidyan, fakilte, ak estaf yo. Plizyè lidè Inivèsite an ap rejwenn mwenn pou reponn ak preyoqipasyon oswa kesyon nou sou pandemi an avèk enpak li ki boulvèse lavi n. Nou ka pa gen repons pou tout kesyon yo, men li enpòtan pou nou rete konekte otan nou kapab nan peryòd distans fizik sa a. Wa pwal resevwa yon envitasyon fòmèl byento konsènan reyinyon asanble jeneral sa a.

Mèsi

Nan dènye semèn sa yo, mwenn enpresyone wè kijan etidyan, fakilte, ak estaf yo gen rezilyans. Nan sikonstans difisil sa yo, manm kominote nou yo kontinye aprann, anseye, ak travay adomisil, epi nan tout sa, nou priorize sante ak byenèt youn lòt. Pou jan ou byen kontinye pran responsablite w yo, mwenn di w mèsi pou sa.

Ansanm, n ap gide Inivèsite nou an atravè tan kriz sa yo. Sa ap mete UMD an pozisyon pou li ede defini "nouvo nòm" apre pandemi an. Se yon opòtinite pou bati yon Inivèsite pi solid toujou, youn ki ka ede kreye yon pi bon Amerik, pi inifye, pi ekitab.

Avèk rekonesans, nan solidarite,

Wallace D. Loh

Prezidan, University of Maryland